**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки Республики Дагестан**

**АМР "Кумторкалинский район"**

**МКОУ "Темиргоевская СОШ"**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| На заседании ШМО | Зам директора по УВР | Директор |
| Хангишиева С.З. | Салаватова З.М. | Магомедова Н.М. |
| Протокол №1 от «26» 08 2023 г. | Протокол №1 от «26» 08 2023 г. | Приказ №42 от «26» 08 2023 г. |

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**

**учебного предмета «Родного (авар.) языка»**

для обучающихся 11 класса

**с. Темиргое 2023г.**

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА ПО РОДНОМУ ЯЗЫКУ (АВАР.)
# ДЛЯ 11 КЛАССА
# НА 2023-2024 Ц1АЛУЛ СОН

## *1.Программаялъе баян*

Жакъасеб школалда т1адаб борч ккола г1ун бач1унеб г1елалъе гъваридаб ва щулияб г1елмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ х1алт1изабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби.

Гьеб масъала г1умруялде бахъинабиялъулъ к1удияб бак1 ккола рахьдал мац1алъ.

Миллиял школазда рахьдал мац1 малъиялъул аслияб мурад буго бац1ц1адаб литературияб мац1алда жидерго пикру эркенго загьир гьабизе ц1алдохъаби ругьун гьари (бицунги, хъванги),

Мац1 берцин гьабулеб алаталдаса пайда боси, миллияб художествияб ва г1елмияб литература ц1али ва бич1ч1и.

Авар литературияб мац1алъул кьуч1 ккола болмац1, амма литературияб мац1 бечелъизе к1вар бугеб маг1данлъун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мац1азго г1адин авар мац1алъги г1аммаб куцалда т1олго маг1арулазул рух1ияб бечелъи жанибе бачуна.

**Школалда авар мац1 малъиялда цереч1арал масъалаби**

Авар мац1 школалда лъазабиялда цереч1арал масъалабилъун ккола: ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби, пасих1го ц1али камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мац1 малъиялъул мурад буго: ц1алдохъабазе фонетикаялъул, лексикаялъул, раг1и лъугьиналъул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистикаялъул х1акъалъулъ лъай щвей, жамг1ияб г1умруялда жаниб гьелъул к1вараялъул х1акъалъулъ баянал кьей, бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби камиллъизари, лъималазул раг1ул нахърател бечелъизаби.

**11  классазда авар мац1алъул курсалъул г1уц1и**

Рахьдал мац1алъул программаялда рекъон, 11  классалда ц1алдохъабазда малъизе ккола фонетика, графика, лексика, раг1и лъугьин,грамматика (морфология, синтаксис). Гьединго ц1алдохъабазда лъазе ккола стилистикаялъул ва мац1алъул х1акъалъулъ г1аммал г1елмиял баянал. Ц1алдохъаби ругьунлъизе ккола бит1ун хъвазе, бит1ун ц1ализе, калам г1уц1изе ва лъалхъул ишараби лъезе.

Рахьдал мацIалъул программаялда рекъон, 11 класс цIалдохъабазда малъизе ккола фонетика, графика, лексика, рагIи лъугьин, грамматика (морфология, синтиксис). Гьединго цIалдохъабазда лъазе ккола стилистикаялъул ва мацIалъул хIакъалъулъ гIаммал гIелмиял баянал. ЦIалдохъаби ругьунлъизе ккола битIун хъвазе, битIун цIализе, калам гIуцIизе ва лъалхъул ишараби лъезе.

Авар мацIалъул материал гьадин бикьун буго: 11 класс малъула фонетика, лексика, рагIи лъугьин, морфология ва битIунхъвай. Синтаксис лъазабула 7 – 11 классазда. Амма синтаксисалъул ва лъалхъул ишарабазул хIакъалъулъ бищун гIадатал (авалиял) баянал V классалдаго кьола, морфологияб курс синтаксисалъул кьучIалда лъазабизе, калам цебетIезабиялъул ва пунктуациялъул хIалтIаби гьаризе рес букIине. Гьел церехун рехсарал рахъазул хIисабги гьабун, программаялда материал линейно-ступенчатый принципалда рекъон кьун буго. Гьединаб принципги кьочIое босун, «Лексика», «РагIи лъугьин», «Предметияб цIар» гIадал темаби V ва VI классазда, «Глагол» V,VI ва VII классазда кьун руго. «БитIараб ва хъвалсараб калам» абураб тема V ва IX классазда малъулеб буго. ХутIарал темаби цадахъго малъизе рихьизарун руго. Такрарлъулел темаби хадусел классазда малъула гъваридго ва гIатIидго. Гьединго программаялда дандчIвала байбихьул классазда лъималаз лъай-хъвай гьабурал темабиги. Гьединал темаби гIатIидго малъизе ккола.

Программаялда тIолабго материал кьун буго лъималазул гIелазул хаслъабиги хIисабалде росун .

Программаялда кьурал темабазе сагӀтал рикьун руго мисалияб къагӀидаялъ. Учителасул ихтияр буго мустахӀикъаблъун бихьараб бакӀалда сагӀтазул хиса-баси гьабизе, ай, цо темаялдаса тӀаса рахъун, хӀажатаблъун бихьулеб цогидаб тема малъиялъе цӀикӀкӀинаризе.

## 2. Содержание

1. Раг1абазул дандраял ва предложение. 1

2. Диктант. «Рии» 1

3. Бет1ерал членал.1

4. Предложениязулъ тайпа цоял членазул бат1и – бат1иял кьерал. 1

5. Изложение «Х1ажимурадги чачанавги» 1

6 Конспектазда, докладазда т1асан к1алъазе. 1

7 Журарал предложениязул тайпаби. Каламалъулъ гьел бит1ун х1алт1изаризе лъай. Союзал ругел журарал предложениял. 1

8 Маг1наялде балагьун, ЖСП ругел г1адатал предложениязул гьоркьоблъи. Союзазул кумекалдалъун гьел загьир гьариялъул къаг1идаби. 1

9 Маг1наялде балагьун, ЖНП ругел г1адатал предложениязулъ гьоркьоблъи. 1

10 К.ц. Сочинение. «Бергьенлъиялъул къо» 1

11. Цо чанго т1аджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение 1

12 Сок1к1иналъулги нахъбилълъиналъулги бухьен жиндилъ бугеб жубараб предложение. 1

13 Изложение «Имам Шамил» 1

14 Цо чанго т1аджубарабгун бугеб ЖНП г1уц1и. 1

15 Союзал ругеб ва союзал гьеч1еб, цо чанго предложениялдаса г1уц1араб ЖНП. 1

16 Контролияб диктант. «Ихдалил къо» 1

17 Автобиография, расписка, доверенность. 1

## 3.Метапредметиял хIасилал

1. ЦIалиялъул мурадал ва масъалаби цере лъезе ва гьел тIуразариялъулкъагIидаби ралагьизе бажари.

2. Цебе лъураб масъалаялде ва гьеб масъала тIубазабиялъул шартIаздебалагьун, жиндирго цIалиялда рухьарал ишазе къимат кьезеги, гьезда хадубхал ккевезеги, гьезул план гьабизеги бугеб бажари лъугьинаби.

3. Информация кьезе ишараялъулгин символикиял алатаздаса пайдабоси.

4. Хурхен гьабиялъул, ай бухьеналъулал ва нахъгIунтIиялъулалмасъалаби тIуразе, каламалъул алатал жигаралда хIалтIизари.

5. Информация балагьиялъул (баян кьолел тIахьаздаса), гьеббакIариялъул, гьелда тIад хIалтIиялъул, гьелъул анализ гьабиялъул, гьебгIуцIиялъул ва кьеялъул, гьелъул магIна бичIчIизабиялъул батIи-батIиялкъагIидаби хIалтIизари.

6. Цере лъурал мурадазда ва масъалабазда рекъон, батIи-батIиялстилалъул ва жанразул текстал бичIчIун цIализе бажари.

7. Цо чIванкъотIарал предметметал дандекквезеги, гьезул анализ васинтез гьабизеги, гьел гIаммлъизаризеги, кинал ругониги гIаламатаздалъунтIелазде рикьизеги, цоцада релълъинаризеги, гIиллаялъулабгин цIех-рехалъулаб бухьен чIезабизеги, гьезда тIаса пикру загьир гьабизеги бажари,ай логикиял хIалтIаби гьаризе лъай.

8. Накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясухъ гIенеккизеги, диалогалъулъгIахьаллъизеги, батIи-батIиял пикраби рукIиналъе ва щибасул жиндиргохасаб пикру загьир гьабизе ихтияр букIиналъе мукIурлъизеги, жиндиргопикру загьир гьабизеги, гьелъие далил бачинеги разилъи.

9. ГIаммаб мурад цебе лъезеги гьеб тIубазабиялъул нухал ралагьизегибажари; цадахъ гьабулеб хIалтIи щибасда гьоркьоб бикьизе, къотIи-къайгьабизеги, цадахъаб хIалтIулъ цоцазда хадуб хал кквезеги, данд рекъонкколеб хIалалъ жиндир ва сверухъ ругезул хьвада-чIвадиялъе къимат кьезегибажари.

10. Лъилниги рахъ кквечIого, щивас загьир гьабураб пикругихIисабалде босун, дагIба-рагIи къотIизе бажари.

11. Предметиял ва предметазда гьоркьосел аслиял бичIчIиял лъай.

12. ЦIалулъ жинца кьолел лъикIал яги квешал хIасилазул гIиллабичIчIизеги, нагагьлъун цIалулъ нахъе ккани, гьениса ворчIизеги бажари.

## 4. Ц1алул тематикияб план

| № | ДАРСИЛ ТЕМА | Саг1ат |
|---|---|---|
| 1. | Раг1абазул дандраял ва предложение. | 1 |
| 2. | **Диктант. «Рии»** | 1 |
| 3. | Бет1ерал членал. | 1 |
| 4. | Предложениязулъ тайпа цоял членазул бат1и – бат1иял кьерал.. | 1 |
| 5. | **Изложение «Х1ажимурадги чачанавги»** | 1 |
| 6 | Конспектазда, докладазда т1асан к1алъазе. | 1 |
| 7 | Журарал предложениязул тайпаби. Каламалъулъ гьел бит1ун х1алт1изаризе лъай. Союзал ругел журарал предложениял. | 1 |
| 8 | Маг1наялде балагьун, ЖСП ругел г1адатал предложениязул гьоркьоблъи. Союзазул кумекалдалъун гьел загьир гьариялъул къаг1идаби. | 1 |
| 9 | Маг1наялде балагьун, ЖНП ругел г1адатал предложениязулъ гьоркьоблъи. | 1 |
| 10 | **К.ц. Сочинение. «Бергьенлъиялъул къо»** | 1 |
| 11. | Цо чанго т1аджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение | 1 |
| 12 | Сок1к1иналъулги нахъбилълъиналъулги бухьен жиндилъ бугеб жубараб предложение. | 1 |
| 13 | **Изложение «Имам Шамил»** | 1 |
| 14 | Цо чанго т1аджубарабгун бугеб ЖНП г1уц1и. | 1 |
| 15 | Союзал ругеб ва союзал гьеч1еб, цо чанго предложениялдаса г1уц1араб ЖНП. | 1 |

| | | |
|---|---|---|
| 16 | **Контролияб диктант. «Ихдалил къо»** | 1 |
| 17 | Автобиография, расписка, доверенность. | 1 |

## 5.Напсиял х1асилал:

Г1ел бащадазда ва ч1ах1иязда гьоркьоб хьвада-ч1вадизе лъай.

Жинца гьарулел ишаздехун жавабчилъиялъул бербалагьи лъугьин.

Жамаг1аталъе пайдаял ишалги.

Ч1ах1иязулгун ва г1иссиназулгун, цадахъ х1алт1улел г1ел цоязулгун гьоркьоблъи гьабизе бажари.

Х1инкъи гьеч1еб ва сах-саламатаб г1умру гьабизе лъай.

Хьвада-ч1вадизеги транспорталда ва нухазда хьвадиялъул къаг1идабиги лъай.

Сверухъ бугеб т1абиг1аталдехун ц1уна-къараб бербалагьи.

Инсанасул ва жамг1ияталъул г1умруялъулъ хъизаналъул к1вар бич1ч1и.

Хъизамалда гьоркьоб гьабулеб г1умруялъул къиматал рахъал къабул гьари.

Россиялъул ва Дагъистаналъул халкъаз нилъее тарал эстетикияб бич1ч1и цебет1езаби.

Рахьдал мацI нилъер культураялъул аслу букIин бичIчIи.

Рокьи Ват1аналде.

Рокьи т1абиг1аталде.

Жиндирго пикру ккун чIезе.

Авар мацI миллиябгин культурияб бечелъи букIин бичIчIизе.

**6.Рагьараб календарно- тематикияб план  11 класс  2023 -2024с.**

| № | ДАРСИЛ ТЕМА | Саг1ат | Деятельностиялъул видал | Материально-техникаялъул чIезаби | Напсиял х1асилал: | Заман | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | план | факт |
| 1. | Раг1абазул дандраял ва предложение. | 1 | Раг1абазул дандраяздасан предложениял г1уц1и. Глаголал, пр. ц1ар, прилаг., нареч., аслиял бут1алъун ккезарун, раг1абазул дандраял г1уц1изе лъай. | Т1ехь, авар мац1алъул грамматика. | Жинца гьарулел ишаздехун жавабчилъиялъул бербалагьи лъугьин | | |
| 2. | **Диктант. «Рии»** | 1 | Диктант хъвай | Диктантазул мажмуг1 | Хьвада-ч1вадизеги къаг1идабиги лъай | | |
| 3. | Бет1ерал членал. | 1 | Текстгун х1алт1и, синтаксисияб разбор Подлежащеелъун бат1и – бат1иял каламалъул бут1аби ккей.. | К1алзулаб ц1ех-рех. | Сверухъ бугеб т1абиг1аталдехун ц1уна-къараб бербалагьи | | |
| 4. | Предложениязулъ тайпа цоял членазул бат1и – бат1иял кьерал.. | 1 | Карточкаби, предложениялда тайпа цоял членал  ратизе, гьезул падеж, форма бицине. | К1алзулаб ц1ех-рех | Инсанасул ва жамг1ияталъул г1умруялъулъ хъизаналъул к1вар бич1ч1и | | |
| 5. | **Изложение «Х1ажимурадги чачанавги»** | 1 | Изложение хъвай | Изложениялъул мажмуг1. | Рахьдал мацI нилъер культураялъул аслу букIин бичIчIи | | |
| 6 | Конспектазда, докладазда т1асан к1алъазе. | 1 | Раг1абазул диктант. Текстгун х1алт1и. | | Рокьи  т1абиг1аталде | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 7 | Журарал предложениязул тайпаби. Каламалъулъ гьел бит1ун х1алт1изаризе лъай. Союзал ругел журарал предложениял. | 1 | Текстгун х1алт1и, синтаксисияб разбор. | К1алзулаб ц1ех-рех. | Сверухъ бугеб т1абиг1аталдехун ц1уна-къараб бербалагьи | | |
| 8 | Маг1наялде балагьун, ЖСП ругел г1адатал предложениязул гьоркьоблъи. Союзазул кумекалдалъун гьел загьир гьариялъул къаг1идаби. | 1 | Текстгун х1алт1и. Маг1наялде балагьун, ЖСП бут1аби рат1а гьаризе лъай (иш цого заманалда лъугьун бук1ин, иш хадуб – цебе тартибалда лъугьун бук1ин, иш цояб тун, цогияб лъугьун бук1ин ва гь.ц.) | Таблица | Россиялъул ва Дагъистаналъул халкъаз нилъее тарал эстетикияб бич1ч1и цебет1езаби | | |
| 9 | Маг1наялде балагьун, ЖНП ругел г1адатал предложениязулъ гьоркьоблъи. | 1 | Союз гьеч1ел ЖС ва ЖНП синонимал х1исабалда х1алт1изари<br>Бат1и –бат1иял стилалъул каламалъулъ | Карточка . | Сверухъ бугеб т1абиг1аталдехун ц1уна-къараб бербалагьи | | |
| 10 | **К.ц. Сочинение. «Бергьенлъиялъул къо»** | 1 | План г1уц1и, сочинение хъвай. | Калам цебет1езаби | Рокьи т1абиг1аталде | | |
| 11. | Цо чанго т1аджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение | 1 | Текстгун х1алт1и. | Карточка:нахърилъ лъарал предложениял. | Жиндирго пикру ккун чIезе | | |
| 12 | Сок1к1иналъулги нахъбилълъиналъулги бухьен жиндилъ бугеб жубараб предложение. | 1 | Предложениялда т1ад х1алт1и | Т1exь | Сверухъ бугеб т1абиг1аталдехун ц1уна-къараб бербалагьи | | |
| 13 | **Изложение «Имам Шамил»** | 1 | Изложение хъвай | Изложениязул мажмуг1 | Инсанасул ва г1умруялъулъ к1вар бич1ч1и | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 14 | Цо чанго т1аджубарабгун бугеб ЖНП г1уц1и. | 1 | Текстгун х1алт1и | Т1ехь | Жинца гьарулел ишаздехун жавабчилъиялъул бербалагьи лъугьин | | |
| 15 | Союзал ругеб ва союзал гьеч1еб, цо чанго предложениялдаса г1уц1араб ЖНП. | 1 | Текстгун х1алт1и, журарал предложениязул разбор гьабизе. | К1алзулаб ц1ех-рех. | Рокьи Ват1аналде | | |
| 16 | **Контролияб диктант. «Ихдалил къо»** | 1 | Диктант хъвай | Диктантазул мажмуг1. | Хьинкъи гьеч1еб ва сах-саламатаб г1умру гьабизе лъай | | |
| 17 | Автобиография, расписка, доверенность. | 1 | Гьалмагъасул х1алт1уе къимат кьезе (рецензия). | К1алзулаб ц1ех-рех. | Рокьи Ват1аналде | | |